

## **Kijan pou w jwenn yon moun pwòch ou apre yon arestasyon Imigrasyon nan peyi Etazini**

Li ka difisil e sa ka fè w gen lakrent pou jwenn yon moun pwòch ou apre yo fin arete l pou rezon imigrasyon. Gouvènman an kenbe moun nan plizyè diferan prizon, pafwa byen lwen fanmi yo ak avoka yo. Gid sa a pral ede w chèche yon moun ofisyè imigrasyon te pran e ki ka ap fè fas ak depòtasyon.

### **Kijan m ka konnen ki Ajans Gouvènman k ap kenbe moun pwòch mwen an?**

Gouvènman an gen diferan biwo ki jere imigrasyon. Si yo te arete yon moun pwòch ou epi ou panse yo ka depòte moun sa a, sa ap ede w si w konnen ki biwo gouvènman ki ka ap kenbe oswa ki ka mete moun sa a an detansyon.

- ▶ **Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn, oswa ICE**, se pati nan gouvènman an ki arete ak kenbe moun si yo arete yo andedan Etazini pou rezon imigrasyon. ICE itilize anpil kote diferan pou kenbe moun nan detansyon, tankou prizon konte yo, sal detansyon nan bilding federal yo, prizon prive, ak kèk sant detansyon gouvènman an ap dirije. Gen kèk eta tou ki louvri pwòp prizon pa yo pou yo kenbe moun nan detansyon pou rezon imigrasyon.
- ▶ **Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè, oswa CBP**, se pati nan gouvènman an ki kanpe ak arete moun toupri fwontyè Etazini yo. Moun CBP kenbe apre yo fin eseye travèse fwontyè a, yo souvan voye moun sa yo sou gad ICE apre kèk jou men yo ka pase tan anba gad CBP.
- ▶ **Biwo Prizon yo, oswa BOP**, se pati gouvènman an ki jere prizon federal pou moun yo akize oswa yo jwenn koupab poutèt yo vyole lwa kriminel federal yo. Si yo akize yon moun pou yon krim federal ki gen rapò ak imigrasyon, tankou antre oswa retounen Ozetazini san pèmisyon, moun sa a pwobableman nan yon prizon BOP. ICE kòmanse itilize tou kèk prizon BOP pou kenbe moun ki gen yon ka depòtasyon oswa ki ap tann depòtasyon, menm si yo pa gen akizasyon kriminel kont yo.
- ▶ **Baz Militè yo**, administrasyon Trump lan te kòmanse itilize baz militè Guantanamo Bay ki nan Kiba pou li kenbe imigran yo nan detansyon, e administrasyon an kòmanse itilize nouvo baz militè pou detansyon akoutèm.

### **Kijan pou jwenn yon moun yo mete an detansyon nan peyi Etazini**

Swiv etap sa yo pou eseye konnen ki kote moun pwòch ou a an detansyon.

## 1. Kòmansè ak Lokalizatè Prizonye sou Entènèt la

Anpil moun ICE arete ou ka jwenn yo lè w sèvi ak [Sistèm Lokalizatè Prizonye sou Entènèt ICE la \(ICE's Online Detainee Locator System, ODLs\)](#). Li ka pran plis pase yon jou pou non yon moun parèt nan sistèm nan. Moun CBP kenbe yo ta dwe parèt la tou apre 48 èdtan detansyon. Gen de fason pou chèche yon moun sou Lokalizatè a. Premye fason an se nan fè rechèch apati nimewo anrejistreman etranje yo, ki rele yon "Yon nimewo A (A number)", ak peyi kote yo fèt. "Nimewo A" a kòmansè ak lèt A epi li gen 9 nimewo. Ou ka jwenn li sou papye imigrasyon, tankou avi tribinal oswa resi pou aplikasyon oswa sou yon pèmi travay. Ou ka fè rechèch tou lè w itilize non moun nan ak peyi kote l fèt la oswa nasyonalite l.

**Avètisman:** Lokalizatè a jwenn moun sèlman si ou mete non yo egzakteman menm jan travayè gouvènman an te antre l nan sistèm nan. Ou ka bezwen eseye diferan vèsyon non yo. Si yon travayè gouvènman an te fè yon erè lè l t ap tape non an, oswa si li te melanje prenon ak siyati yo, li ka pi difisil pou w jwenn moun nan. Epitou, ICE ka pran tan pou li anrejistre enfòmasyon moun yo. Moun pwòch ou a gendwa pa parèt touswit sou lokalizatè a, menmsi yo nan detansyon ICE. Lè ICE voye yon moun nan yon nouvo prizon, yo ka pa parèt sou lokalizatè a tou tanporèman.

### **Eksepsyon:**

- ▶ Timoun ki poko gen laj 18 lane ke yo arete nan peyi Etazini pa parèt nan sistèm lokalizatè sou entènèt la. Si yo arete yon timoun ak paran l (yo) Ozetazini, yo ka kenbe yo ansanm nan sant detansyon famiyal la. Granmoun yo kenbe nan sant detansyon famiyal yo ta dwe parèt nan sistèm lokalizatè sou entènèt la, men pitit yo pa parèt. Se pa yon bagay ki inabityèl pou ICE kenbe yon paran/gadyen gason nan yon etablisman apa de fanmi l.
- ▶ Si lapolis arete yon minè imigran epi apre sa transfere l nan ICE, yo ka pa parèt nan lokalizatè a. Gen omwen [yon prizon jivenil](#) kote yo ka voye minè sa yo.
- ▶ Si moun yo te arete a gen yon ka imigrasyon poutèt moun sa a se yon viktim, tankou yon viza T oswa U, anjeneral yo p ap parèt nan sistèm lokalizatè a.

**Konsèy:** Pran foto ekran an oswa foto nenpòt enfòmasyon ou jwenn lè w ap fè rechèch. Enfòmasyon sa a ka itil pita, sitou si yo voye moun nan yon lòt kote. Se yon bon ide tou pou kenbe yon kalandriye sou sa k ap pase apre yo fin arete moun nan. Sa ka ede pi devan lè w ap fè demach pou eseye fè yo libere moun nan. Epitou, grasa yon nouvo aplikasyon telefòn mobil Human Rights Watch lanse, ou ka fè yo voye ba ou chanjman nan ODLs yo otomatikman. Ou kapab [telechaje aplikasyon an la a](#), aplikasyon an rele "Lokalizatè Kliyan Imigrasyon (Immigration Client Locator)" e li disponib pou avoka, fanmi ak zanmi.

## 2. Apre sa, eseye kontakte Biwo Lokal ICE la

Si ou pa jwenn rezilta ak sistèm lokalizatè a, eseye rele oswa voye yon imèl bay Biwo Lokal ICE ou a. Biwo sa a rele tou Operasyon Ranfòsman ak Anlèvman ICE (ICE Enforcement and Removal

Operations), oswa biwo "ERO". Lokalizatè a ka di ou fè sa epi ba ou nimewo telefòn nan. Epitou ou ka jwenn nimewo telefòn ak imèl pou chak biwo sou entènèt, [la a](#).

**Avètisman:** Lè w rele oswa voye yon imèl, piga bay plis enfòmasyon pase sa w dwe bay la. Sèlman bay nimewo A oswa enfòmasyon debaz ki nesèsè, tankou non ak peyi nesans, menm enfòmasyon ke ou ta itilize nan lokalizatè sou entènèt la.

**Konsèy #1:** Biwo Lokal ICE yo ka pa reponn telefòn nan. Ou ka gen pou rele plizyè fwa chak jou. Si w jwenn yon moun nan telefòn oswa pa imèl, mande non ak enfòmasyon pou kontakte ofisyè ki anchaj ka moun pwòch ou an. Sa pral enpòtan anpil si ou vle ede yo eseye jwenn soti nan detansyon.

### **3. Apre sa, eseye tcheke Biwo Prizon yo oswa Vinelink**

An 2025, ICE kòmanse itilize prizon Biwo Prizon yo (BOP) dirije, pou kenbe moun pou ka imigrasyon. Moun ki an detansyon la a *ta dwe* parèt sou sistèm lokalizatè ICE la. Men, si yo pa parèt, e arestasyon an te fèt toupre yon etablisman BOP, eseye rele prizon sa a pou enfòmasyon. Ou ka jwenn yon lis nimewo telefòn sou entènèt [la a](#).

Deplizanpli, gouvènman an ap akize imigran yo pou [krim federal ki gen rapò ak migrasyon](#). Nan ka sa yo, moun nan ka nan yon prizon BOP e li ta dwe gen yon defansè piblik federal (avoka gratis). Ou ka fè rechèch sou yo lè w sèvi avèk sistèm lokalizatè prizon yo sou entènèt BOP a [la a](#).

Epitou pafwa, yo mete yon moun nan detansyon nan prizon kriminel leta, anpremye, anvan yo remèt li bay ICE. Pou eseye jwenn yo, ou ka chèche yo sou yon sit entènèt ki rele [Vinelink](#), ki montre si yon moun nan prizon kriminel eta a.

### **4. Chèche yo gras ak telefòn ak sistèm planifikasyon prizon an**

Pifò prizon pèmèt ou mete lajan sou kont moun pwòch ou yo ki nan prizon an, pou yo peye pou apèl nan telefòn ak pwodwi alimantè sipleman. Pa egzanp, gen kèk prizon ki itilize yon konpayi ki rele "[Access Corrections](#)". Sit entènèt yo a ka montre kote moun pwòch ou an ye (menm si ou pa kreye yon kont avèk yo). Gen kèk avoka tou ki kapab konfime kote yon moun ye atravè yon sit entènèt ICE ofri pou òganize apèl telefòn ki legal.

### **5. Apre sa, kontakte Konsila yo**

Tout imigran ki nan prizon ICE [gen dwa pou](#) kontakte konsila peyi yo (yon biwo ki reprezante yon lòt peyi). Ou ka eseye kontakte konsila a pou plis enfòmasyon sou moun pwòch ou a.

**Avètisman:** Si moun pwòch ou a ap mande azil Ozetazini oswa ou kwè yo pè gouvènman yo a, piga eseye rele konsila a.

## 6. Si ou poko jwenn yo, kòmanse elimine kote yo pa ye

Si ou pa ka jwenn yon moun lè w sèvi avèk sistèm lokalizatè sou entènèt yo, ou ka oblije kòmanse rele chak biwo lokal ICE ak prizon lokal yo. ICE pataje yon lis (byenke li pa toujou konplè) pou tout kote y ap itilize pou kenbe moun yo. Lis sa a nan yon fèy Excel ki afiche nan pati anba [paj](#) wèb sa a, nan seksyon ki rele "Estatistik Detansyon (Detention Statistics)". Ou ka wè lis etablisman yo nan onglè a ki make "Etablisman Ane Fiskal 2025 (Facilities FY25)", epi apresya diminye opsyon pou rechèch ou a lè w gade tout prizon ki nan eta w la oswa ki nan eta ki toupre w yo. Epitou, yon gwoup ki rele Libète pou Imigran (Freedom for Immigrants) gen yon lis itil sant detansyon ICE ak enfòmasyon sou fason pou kontakte moun yo kenbe la, sou entènèt [la a](#). Yo gen ladan tou gwoup ki pafwa vizite etablisman an.

**Konsèy #1:** Chak Biwo Lokal ICE responsab sèten zòn nan peyi a. Si yo arete yon moun nan yon eta ki pa gen yon etablisman detansyon ICE, chèche konnen ki Biwo Lokal ki kouvri eta sa a. Gen anpil chans ke ICE kenbe moun lan nan youn nan lòt eta ke Biwo Lokal la kouvri yo. Pa egzanp, Biwo Lokal Atlanta a kouvri Georgia, North Carolina ak South Carolina.

**Konsèy #2:** ICE sèlman itilize sèten prizon pou kenbe fanm yo. Si w ap chèche yon fanm ki pwòch ou, ou ka itilize [fèy Excel ICE](#) la pou elimine prizon ki pa kenbe fanm yo.

## E si w enkyete ke Gouvènman an voye moun pwòch ou a lòt bò dlo?

Sou administrasyon Prezidan Trump, ICE arete moun epi disparèt yo nan baz militè ak prizon nan lòt peyi, tankou Guantanamo Bay nan Kiba ak yon prizon ki rele "*Centro de Confinamiento del Terrorismo*", oswa [CECOT](#), nan Èl Salvadò.

### Baz Militè Guantanamo Bay

Pafwa, yon moun yo voye nan Guantanamo Bay ap toujou parèt nan Lokalizatè Prizonye sou entènèt la. Men de egzanp sou sa rezilta yo nan Lokalizatè a ta ka sanble:

#### Detention Information For:

Country of Birth: Venezuela  
A-Number: [REDACTED]

#### Current Detention Facility:

JTF Camp Six  
In Care of ERO Miami Field Office  
865 SW 78th Ave, Suite 101  
Plantation, FL 33324  
Visitor Information: (954) 236-4900

#### Search Results: 1

Country of Birth : Venezuela  
A-Number: [REDACTED]  
Status : In ICE Custody  
State: FL  
Current Detention Facility: [JTF Camp Six](#)

\* [Click on the Detention Facility name to obtain facility contact information](#)

ICE gen yon [paj wèb](#) pou de kote yo nan baz naval kote yo kenbe moun yo, ki rele "JTF Camp 6" ak Sant Operasyon Migran (Migrant Operations Center). Paj la di pou rele Biwo Lokal Miami an pou plis enfòmasyon.

### **Depòtasyon pou voye w Ale nan kòt Peyi (Peyi ki Pa Lakay Ou)**

Gouvènman Etazini an te voye imigran nan peyi ki pa peyi lakay yo oswa nan peyi kote yo te konn ap viv anvan sa. Pa egzanp, Etazini voye imigran Venezyelyen nan yon prizon nan peyi Salvadò. Etazini te voye imigran tou nan peyi tankou Eswatini ak Gana, menm si yo pa soti nan peyi sa yo. Si yo te voye moun pwòch ou a nan yon peyi ki pa peyi lakay li, yo p ap parèt ankò sou sistèm lokalizatè Etazini an. Human Rights First ap [swiv vòl ICE](#) pou ale nan lòt peyi yo epi rapò yo ka ede w jwenn moun pwòch ou a. Si moun pwòch ou a disparèt nèt apre yon ofisyèl peyi Etazini fin arete l, ou ka rapòte disparisyon yo a bay [Nasyonzini lè w depoze yon rapò isit la](#).

### **Kisa w dwe fè lè w jwenn moun pwòch ou a:**

- ▶ Si w panse yo kenbe yo nan Guantanamo Bay, rele Liy Dirèk ABA a pou fè yo konnen moun pwòch ou a la. Sa ka ede ABA ba yo kèk asistans legal limite. *Tanpri* rele liy dirèk la sèlman si ou te konfime ke Guantanamo Bay se kote yo te pran moun pwòch ou a. Liy dirèk la se **pa** pou moun k ap chèche moun pwòch yo. Nimewo a se 1-855-641-6081.
- ▶ Gouvènman an pa pral bay moun pwòch ou a yon avoka gratis pou ka imigrasyon yo a. Ou ka anmezi pou ede moun pwòch ou a jwenn yon avoka imigrasyon lè w sèvi ak lyen sa yo:
  - Anyè sou entènèt pou Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken ki gen avoka prive yo ladan la a: [ailalawyer.com/](http://ailalawyer.com/).
  - Asosyasyon Bawo Ameriken an gen yon lis gwoup avoka atravè peyi a. Ou ka fè rechèch nan chak gwoup eta pou avoka ki okipe ka imigrasyon: [https://www.americanbar.org/groups/legal\\_services/flh-home/flh-bar-directories-and-lawyer-finders/](https://www.americanbar.org/groups/legal_services/flh-home/flh-bar-directories-and-lawyer-finders/).
  - Rezo Defansè Imigrasyon (Immigration Advocates Network) ak anyè Pro Bono Net la bay lis avoka gratis akj sa ki gen onorè ki ba: [immi.org/en/Info/FindLegalHelp](http://immi.org/en/Info/FindLegalHelp).
- ▶ Si moun pwòch ou a anba gad ICE, yo kapab anmezi pou mande pou yo libere yo "sou pwomès" (pwòp volonte yo) oswa sou "kosyon" oswa sou "libète pwovizwa". Ou ka anmezi pou ede yo eseye jwenn liberasyon nan jwenn prèv sou koneksyon yo ak kominote a tankou lekòl, travay, oswa dosye volontarya, oswa lè w ekri lèt sipò oswa jwenn lèt sipò nan men lòt manm kominote a.
- ▶ Asire w ke moun pwòch ou a konnen dwa l genyen yo. Si moun pwòch ou a pè retounen nan peyi orijin li a, yo dwe di sa byen fò e byen klè bay chak ajan imigrasyon yo wè. Si yo te viv Ozetazini pou omwen 2 ane, yo dwe di yon ofisyè sa epi montre yo prèv. Si yo te aplike pou estati oswa yo pral ale annapèl kont yon desizyon imigrasyon, yo dwe di yon ofisyè sa epi montre prèv aplikasyon yo oswa demann pou apèl la. Yo pa dwe siyen okenn dokiman san yo pa pale ak yon avoka dabò oswa san yo pa mande pou yo li dokiman sa

yo pou yo nan pwòp lang yo, espesyalman kèlkeswa dokiman ki di "renonsyasyon", "lòd pou ekspilsyon ki estipile", oswa "akò pou depa volontè".

- ▶ Aprann plis la a: [Ou Fèt pou Konn Dwa W yo: Kisa pou w fè si Imigrasyon arete w oswa mete w an detansyon.](#)

**Dènye mizajou: 27 mas 2026**